

PANGAJARAN PAHLAWAN TOHA

A NYARI TA

Tujuan:

10. Siswa mampu mencari, menyimpulkan, dan menyerap informasi secara lisan maupun tertulis.

Caritakeun wacana hasil wawancara ieu di handap!

PAHLAWAN TOHA

Di Bandung dina taun 1926, lahir orok pameget tina hasil pernikahan Bapa Ganda sareng Ibu Nariah. Éta orok dinamian Mohamad Toha. Waktos yuswa genep sasih ramana pupus. Mohamad Toha salamina aya dina apingan ibu. Ibuna nikah deui ka Pa Andi lajeng putraan jenenganna Juhaeriah.

Mohamad Toha putra cikal Ibu Nariah, tambah ageung tambah cerdas sareng rancage. Tamat ti Sakola Desa dilajengkeun ka HIS, nanging teu dugi ka tamat. Harita bangsa Belanda kalebet guru-guruna kabujeng paburial ti Indonésia, sawan ku Jepang. Nuju di HIS-na Mohamad Toha kapeto tukang mingpin baris. Sakolaanana sanaos parantos tutup gé, latihan baris mah jalan teras.

Kagiatan Mohamad Toha sok ngalatih baris rereancanganna, lami-lami kauninga ku Perwira Nakayama bangsa Jepang, nu nuju ngajajah di Indonésia. Mohamad Toha teras dibingbing, malih dipiwarang neraskéun éta kagiatan. Éta kagiatan téh diajangkeun kanggo ngabantos Dai Nippon, ngabebaskeun nagara-nagara anu dijajah. Mohamad Toha ku Nakayama, sakantenan didewasakeun dina widang kaprajuritan. Munggaranna diajak ensu (latihan perang) ka Puwakarta, lami-lami janten sering, malih Nakayama resepeun pisan ka Mohamad Toha nu rancage tur cerdas téh.

Jepang nuju raos-raos ngajajah dinagara urang, nagarana dibom Sekutu kaping 14 Agustus 1945. Mohamad Toha ogé badé ngiring ensu ka Subang dina kaping 16 Agustus 1945-na téh, namung teu cios. Kasempétan harita ku bangsa Indonésia henteu dimomorékeun, enggal dianggo mroklamirkeun nagara. Naskah proklamasina diaoskeun ku Bung Kamo tabuh 10.00, kaping 17 Agustus 1945 di Pegangsaan Timur No. 56 Jakarta.

Indonésia teu acan kabujeng bebenah, bangsa Sekutu sareng Walanda parantos langkung payun nempatan kantor-kantor nu parenting. Kawitna, alesanana badé ngarangsadan senjata milik Jepang, sareng badé ngabebaskeun tentara Walanda nu masih ditahan ku Jepang, singhoreng badé ngajajah deui. Aturan-aturan nu matak raheut kana manah pribumi murudul. Kaping 29 November 1945, lungsur putusan, yen Bandung kedah dibagi dua. Kalereun rel karata api pikeun daérah kakawasaan maranehanana, kiduleun rel karéta api daérah kakawasan kanggo pribumi.

Mohamad Toha nu tos lebet anggota pakumpulan Barisan Banteng RI ngentab amarahna, ijideun pisan ka bangsa nu lalicik téh. Pangalaman ensu ngajurung kaludeung anjeunna sareng mekelan dadana. Kalebet apal kana seueurna eusi gudang mesiu di Dayeuhkolot milik Jepang, nu dioper alih ku Walanda. Diiijir éta eusi gudang téh moal seep sapuluh tauneun, upami teras-terasan dianggo perang di nagara urang. Nu mawi anjeunna kenceng hoyong ngawasa atanapi ngancurkeun gudang mesiu.

Di Bandung kaayaan janten harengheng. Para pajoang teu aya nu teu giruk ka penjajah. Langkung-langkung waktos lungsur putusan ping 23 Maret 1946, yen pasukan bersenjata sareng para pajoang sanesna nu aya di kota Bandung, kedah

ngantunkeun kota Bandung mundur ka palih kidul 11 km. Upami ngabandel tabuh 24.00 badé digempur.

Pa Sutoko anu harita janten pamingpin *Majelis Persatuan Perjoangan Priangan*, nandeskeun yen kota Bandung kedah diduruk. Para pajoang sanesna mupakat.

Pangeusi Bandung kaping 24 Maret 1946 parantos ngungsi. Bandung janten kosong, anging para pajoang nu badi ngaduruk kota Bandung sareng nu badé ngayakeun perlawanan sayaga di éta tempat.

Dina rencana mah perlawanan téh badé diayakeun tabuh 09.00 wengi, nanging Gurkha sareng Sekutu kabujeng ngacowkeun daérah Pasar Andir. Pa Maman, Komandan Resimen VIII nu mancen di Bandung Kulon, miwarang supados enggal masang dinamit sareng ngaduruk kota Bandung. Bandung pada ngaduruk ti unggal madhab dugi ka janten lautan api. Sabada ngaduruk Bandung para pajoang mundur ka palih kidul, ka daérah Cilampeni peun- taseun Citarum. Barisan Banteng ngadegkeun pos pertahanan di daérah Cigado, nu markasna di Bale Endah. Éta markas téh salajengna dialihkeun ka Nagreg.

Peperangan lumangsung teras-terasan, Mohamad Toha arang mulih ka ibuna. Dina kaayaan genting sapertos kitu, para pajoang langkung mentingkeun medan joang batan kempel-kempel sareng kulawarga.

Mohamad Toha kagungan rencana hoyong ngarebut atariapi ngan- curkeun gudang mesiu téh unjukkeun ka ibuna, malih teu kantun sujud ta'dim nyuhunkeun restu. Ibuna mepelangan supados Mohamad Toha ati-ati midamel tindakan. Ibuna nyarengan perjoangan putra, lintang ti getol munajat, ogé tekun ngaput anggoan-anggoan tentara RI.

Kaayaan perang tambah hebat ngajurung Momahad Toha kanggo ngarebut ngancurkeun gudang mesiu nu janten inceranna téa. Mohamad Toha disarengan ku Mohamad Ramdhan ti pasukan Hizbulloh Batalyon XIV Devisi I Imam Bonjol. Dina kaayaan paciweuh peperangan patriot Mohamad Toha sareng patriot Mohamad Ramdhan gilig badé ngajurkeun gudang mesiu.

Mohamad Toha sareng Mohamad Ramdhan meuntas Walungan Citarum. Mareuntas, a leresan leuwi nu lengkob, nyulusup mapay gorong-gorong. Mohamad Toha ngagenggem granat, Mohamad Ramdhan ngeukeuweuk karaben. Perjoangan Mohamad Toha sareng Mohamad Ramdhan janten puseur perhatosan rencanganana harita. Hasil perjoangan Mohamad Toha sareng Mohamad Ramdhan dianti-anti ku sadayana. Tengah wengi gudang mesiu dibeledugkeun matak eundeur kota Bandung sareng sabudeureunana.

Titis tulis Mohamad Toha sareng Mohamad Ramdhan dugi kana wak- tosna. Puncak perjoanganana nungrat nyarengan ajalna, gumulung sareng ajurna gudang mesiu dina kaping 11 Juli 1946. Di Dayeuhkolot ngadeg tugu tawisna, di dinya dua patriot mungkas perjoanganna, di dinya Pahlawan Bandung Selatan *gugur*.

Mugia emal bakti aranjeunna ditampi ku Alloh swt. Amin ya robal 'alamin.

1. Nyusun Pataletkan

Wacana "**Pahlawan Toha**" di luhur urang anggap baé karangan hasil wawancara. Wawancara osok aya nu ngagunakeun pataletkan nu geus disusun ti anggalna. Hidep ogé bisa nyusun pataletkan nu ngagunakeun rupa-rupa rumus, saperti rumus **5 W+ 1 H** (baca pangajaran dua, kelas hiji caturwulan dua).

Pataletkan diajangeun pikeun meunangkeun katerangan hal nu ditulis dina unggal paragraf karangan téa. Pataletkan nu digunakan bisa saperti ieu dihandap.

- a. Di mana lahir Mohamad Toha?
- b. Kumaha atikan Mohamad Toha?
- c. Kumaha kagiatan Mohamad Toha waktos diajar ngalatih baris?
- d. Naha Mohamad Toha kaping 16 Agustus 1945 teu cios ngiring ensu ka Subang?

- e. Kumaha kawitna pangna Bandung dina kaping 29 November 1945 kedah dibagi dua?
- f. Kumaha sikep Mohamad Toha ka Walanda nu ngawasa gudang mesiu?
- g. Kumaha kaayaan para pajoang Indonésia di Bandung waktos lungsur putusan ping 23 Maret 1946?
- h. Saha nu nandeskeun yen kota Bandung kedah diduruk?
- i. Naon margina pangeusi kota Bandung dina kaping 24 Maret 1946 ngungsi?
- j. Saha nu miwarang supados enggal masang dinamit sareng ngaduruk kota Bandung?
- k. Saha nu kagungan rencana ngarebut atanapi ngancurkeun gudang mesiu?
- L Saha nu nyarengan Mohamad Toha waktos ngajurkeun gudang mesiu?
- m. Kumaha kajadianana Mohamad Toha dugi ka gugur?

2. Nyawalakeun Patalekan

Patalekan nu ku urang geus disusun téh kudu ditalaah deui. Tujuanai bisi aya patalekan nu teu méréhah, atawa kurang lengkep, teu keuna ka pamaksudan. Mungkin baé saparagraf jawaban téh dikumpulkeun m.- sababaraha patalekan.

3. Ngawawancara bari Nyatet

Jawaban patalekan nu maké daptar patalekan sok aya nu dicatet, jeu sok aya nu dirékam. Catétan jawaban aya nu ditulis maké tulisan **steno**, Ar, Cina, Jepang, Laten, jeung atawa tulisan séjén gumantung kaparigelan nyatet.

Nu dicatet dina wawancara téh hal-hal nu penting (*esensial*), kajaba lamun ucapan nu diwawancara katuturkeun ku gancangna tulisan urang. Upama urang teu bisa nulis gancang, atawa sieun aya nu kaliwat, catel leuwih hadé dibarung ku rékaman. Nu diwawancara sorana dirékam dina *tape recorder*.

4. Nyindekkeun Hasil Wawancara

Hasil wawancara kudu dicindekkeun. Nu ngawawancara (*interviewer*) nyindekkeun katerangan nu ditepikeun ku *responden* (*interviewee*) ku ati-ati. Ulah salah tafsir. Nu matak pikeun ngabantuna, rékaman bisa dipuler.

Lamun téa mah rékaman téh eusina persis jeung wacana '**Pahlawan Toha**' di luhur. Hidep kudu nyieun kacindekan éta wacana.

Jawab ieu soal!

1. Susun patalekan pikeun ieu jawaban!

Jawaban:

Peperangan lumangsung teras-terasan, Mohamad Toha arang mulih ka ibuna. Dina kaayaan genting sapertos kitu, para pajoang langki mentingkeun medan joang batan kempel-kempel sareng kulawan

Patalekan:

2. Kumaha patalekanana pikeun ieu jawaban?

Jawaban:

Pangeusi Bandung kaping 24 Maret 1946 parantos ngungsi. Bandung janten kosong, anging para pajoang nu badé ngaduruk kota Bandung sareng nu badé ngayakeun perlawanan sayaga di éta tempat.

Patalekan:

3. Nu dicatet dina wawancara téh hal-hal nu penting (*esensial*) atawa *intina* wungkul. Ieu di handap aya ungkara kalimah ucapan nu diwawancara. Tulis hal nu pentingna wungkul!

Ungkara:

Titis tulis Mohamad Toha dugi kana waktosna. Puncak perjoanganana nungrat nyarengan ajalna, gumulung sareng ajurna gudang mesiu dina kaping 11 Juli 1946. Di Dayeuhkolot ngadeg tugu tawisna, di dinya patriot Toha mungkas perjoanganna, di dinya Pahlawan Bandung Selatan gugur.

Intina:

- 4.. Naon kacindekan ieu kalimah

Mohamad Toha kagungan rencana hoyong ngarebut atanapi ngan- curkeun gudang mesiu tdh unjukka ka ibuna, malih teu kantun sujud ta'dim nyuhunkeun rdstu. Ibuna mepelangan supados Mohamad Toha ati-ati midamel tindakan. Ibuna nyarengan perjoangan putra, lintang ti getol munajat, ogé tekun ngaput anggota anggota tentara RI.

Kacindekan:

5. Lamun dicindekeun wacana '**Pahlawan Toha**' di luhur, kumaha sikep Mohamad Toha ka lemah caina?

Kacindekan:

B. MACA

Tujuan:

12. Siswa mampu mengapresiasi berbagai bentuk, isi, dan jenis karya sastra serta mendiskusikannya.

1. Maca Sajak

PAHLAWAN TOHA

*Gubrag Indonésia merdéka
tentara Jepang nyingray
jebul Sekutu
nyusup tentara Wa/anda
nyarayang di nagara urang*

*Di Bandung Selatan
mesiuna sagudang
bekel sapuluh tauneun perang
merangan bangsa urang*

*Patriot Toha ti pakumpulan Banteng
awas kana rencana angkara
arinyana datang ka Indonésia
rék ngagahgal nyawa
rék ngarebut nagara
lain heuheureuyan
lain heureuy-heureuyeun
lain heureuyaneun*

*Ngentab amarah patriot Toha
ngeleb wawanenna
sumangetna ngagedur mvseur kana gudang mesiu
gudang mesiu kudu ajur
mamatih angkara kudu diala*

*Takdir kiat ti ajali
Mohamad Toha pituin urang Sunda
anu dibabarkeun di Bandung taun 1926
dikabulkeun niat sucina ku Gusti
gudang mesiu ajur anjeunna gugur
Mohamad Toha gugur dina ping 11 Juli 1946
mugia amal saena ditampi ku Alloh swt
Amin ya rohal 'alamin*

2. *Nganalisis Sajak*

Dina ieu pangajaran urang nganalisis sajak "Pahlawan Toha" dumasar kana téma, eusi, perasaan, nada, jeung amanat.

a. **Téma**

Téma sajak "**Pahlawan Toha**" nya éta patriot Toha ngajurkeun gudang mesiu.

b. **Eusi**

Eusi sajak "Pahlawan Toha" nyarioskeun patriot Toha ti anggota pakumpulan Barisan Banteng RI, ihlas nandonkeun nyawana kanggo ngabela nagara sareng bangsa. Anjeunna sigep ngaantisipasi kakuatan musuh ku cara ngajurkeun gudang mesiu, sok sanaos nyawa anjeunna tandonna.

c. **Perasaan**

a. **Perasaan ceuceub**

Perasaan ceuceub ka bangsa nu rék ngajajah ditembrakkeun dina ungkara "*ngentab amarah patriot Toha*". Amarah patriot Toha ngentab wireh anjeunna parantos uningaen kana rencana sareng bekel perang musuh. Patriot Toha teu ihlas nagara diranjah ku bangsa deungeun. Kantenan bekelnu nu sakitu seueur, manaha murudulna korban ti bangsa urang, digahgal/diperangan salami sapuluh taun. Patriot Toha ijideun ka sikap angkara nu lalicik kantenan kedah giling gisik.

b. **Perasaan sumanget**

Perasaan sumanget patriot Toha timbul, dikasangkitungan ku rasa ceuceub ka nu rék ngajajah, lebar ka nagara, sareng nyaah ka bangsa. Hal éta ngadorong kaperkasaanana kanggo ngalaksanakeun cita-cita anjeunna.

c. Perasaan reueus

Perasaan reueus patriot Toha kabaca dina waktos anjeunna badé ngancurkeun gudang mesiu. Sanaos kaayaanana samporet tagiwur diling kung ku musuh, sajorelat baé mah aya rasa reueus dina manah- na. Reueus wireh gudang mesiu nu dicita-citakeunna téh tos aya dina genggeman. Lintang ti éta ogé, kabaca rasa reueus pangeusi nagri wireh gudang mesiu kakuatan musuh ajur.

d. Perasaan sedih

Perasaan sedih katangkep dina *situasi* nagara anu teu aman, ngan dijajah sareng dijajah baé. Sanaos tos merdéka ogé diarakalan badé dijajah deui. Gugurna Pahlawan Toha kantenan ngahudang rasa sedih ka bangsa Indonésia utamina kulawargana.

d. Nada

Dina sajak "**Pahlawan Toha**" nada mikacinta ka lemah cai ditembrakeun ku sikep-sikep patriot Toha. Patriot Toha teu owel ku nyawa, ageung tanggel waler, boh ka nagara, boh ka bangsa. Padahal anjeunna parantos uningaen, yen musuh téh sanes heuheureuyan (serius) badé ngabinasa bangsa urang téh, sanes heurey-heureyaneun enyaan musuh téh tohaga, sanes heureuyaneun bangsa urang deuih, sanes bantrak-bantrakkeun. Kitu numutkeun saréat sareng panyawang. Sedengkeun, patriot Toha kalah ngajaul ngumbar cita-citana. Éta téh hiji tawis yen anjeunna leres-leres mikacinta ka lemah cai sareng nyaah ka bangsa.

e. Amanat

Amanat sajak "**Pahlawan Toha**" lemah cai tiasa kajait ku perjuangan warga nu toh pati jiwa raga. Ku sabab kta, merjoangkeun nagara dina kaayaan bahaya ulah satengah-tengah.

Jawab ieu soal!

Sajak "**Pahlawan Toha**" téh ngandung téma, eusi, perasaan, nada, jeung amanat. Terangkeun maké basa hidep sorangan.

1. Téma sajak "Pahlawan Toha"
2. Eusi sajak "Pahlawan Toha"
3. Perasaan sajak "Pahlawan Toha"
4. Nada sajak "Pahlawan Toha"
5. Amanat sajak "Pahlawan Toha"